



# 5 Bagay Ou Dwe Konnen Sou Aranjman pou Gwosès ak Alètman nan Travay

- 1 **Lwa Kont Diskriminasyon (LAD) New Jersey a**, egzije pou anplwayè ou a ba ou aranjman rezonab pou gwosès, akouchman, kondisyon medikal ki gen rapò ak alètman pou pèmèt ou kontinye travay pandan w ap kenbe yon gwosès sen oswa retounen travay apre akouchman. LAD pi pwotektif pase Lwa federal kont Diskriminasyon an rapò ak gwosès sou zafè sa a.
- 2 Si ou ansent, anplwayè ou a dwe ba ou aranjman rezonab ke doktè ou rekòmande, sa gen ladan poz pou itilize twalèt, poz pou dlo, poz pou repoze, èd pou aktivite manyèl, restriktire travay, modifye orè travay, ak yon transfè tanporè nan travay ki mwens fatigan oswa danjere, amwenske anplwayè ou a kapab montre lè li fè sa, sa ap gen yon gwo kontrent sou operasyon li yo.
- 3 Si w ap bay tete, anplwayè ou a dwe ba ou poz rezonab chak jou, ak yon kote prive ki apwopriye (ki pa yon kabin twalèt) kote ou ka tire lèt tete, amwenske anplwayè ou a kapab montre lè li fè sa, sa ap kontinye se yon gwo kontrent pou operasyon li yo.
- 4 Faktè ki dwe konsidere pou konnen si yon aranjman ap yon gwo kontrent tankou gwosè global biznis anplwayè ou a nan sa ki gen pou wè ak anplwaye yo, etablisman yo ak bidjè; nati ak depans pou aranjman ki nesèsè a; ak nan ki mezi aranjman an ap enplike renonsman ak egzijans esansyèl travay ou.
- 5 Anplwayè ou pa ka penalize ou oswa fè reprezay sou ou nan okenn fason dèske ou mande oswa ap itilize yon aranjman pou gwosès oswa alètman.

Pou aprann plis oswa depoze yon plent, ale sou [NJCivilRights.gov](https://www.njcivilrights.gov) oswa rele **973-648-2700**



Biwo Pwokirè Jeneral NJ

[NJCivilRights.gov](https://www.njcivilrights.gov)

DIVISION ON  
**CIVIL RIGHTS**